

ÒTOPEDI NAN CHA

# KOU SOU RANPLASMAN JWENTI ANTYE



Kou sou Ranplasman Jwenti Antye nou an pral ede w pare pou operasyon w lan.

- Aprann sa pou w atann anvan, pandan, ak apre operasyon an
- Jwenn okazyon poze kesyon
- Ede w santi w pare pou operasyon w lan

## Enfòmasyon sou Kou sou Ranplasman Jwenti Antye a

Poutèt COVID-19, kou sou ranplasman jwenti antye nou an ap fèt vityèlman kounye a. Pwofesyonèl òtopedi w lan kapab enskri w pou kou sa a si w gen yon adrès imèl aktif epi ou ka ale sou entènèt. Si w pa gen imèl, n ap ofri w yon kou sou jwenti antye an pèsonn, endividyèl nan kabinè òtopedi an avèk youn nan oksilyè medikal nou yo.

## Kisa ou pral aprann?

- Detay sou operasyon ranplasman jwenti an
- Kijan pou anpeche konplikasyon ak enfeksyon
- Kisa pou w fè anvan operasyon an
- Kisa pou w atann jou operasyon an ak pandan ou nan lopital la
- Kijan pou w jere doulè
- Fizyoterapi ak terapi pou aktivite toulejou
- Lè w fin kite lopital la (lakay konpare avèk reyadaptasyon akoutèm)

Ou te mèt mennen yon manm fanmi oswa yon zanmi avè w nan kou a. Moun sa a dwe kapab ofri w sipò apre operasyon w lan.

## Pou plis enfòmasyon:

Tanpri rele 617-665-1566 oswa ale sou [www.challiance.org](http://www.challiance.org)